



Pou Piblikasyon Imedya: 01/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU RETIRE ZAM NAN MEN AGRESÈ DOMESTIK YO

*Gouvènè a Anonse tou Lejislasyon pou Pwolonje Peryòd Datant pou Verifikasyon Antesedan soti nan twa jou pou l vin 10 jou - Jwenn Pwojè-Lwa [Isit la](#) ak Memo a [Isit la](#)*

*Mezi Monimantal yo pral Ajoute sou Rekò Lidè nan Nasyon an Gouvènè a Genyen nan kad Avansman Sekirite Zam lan*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon pou retire zam nan men agresè domestik yo epi elimine vid ki gen nan lwa eta a ki pral asire yo egzije agresè domestik yo remèt tout zam afe yo, pa sèlman pistolè yo. Gouvènè a te anonse tou ke l ap fè vanse nouvel lejislasyon pou pwolonje peryòd pou moun yo pa te apwouve imedyatman pou yo achte yon zam afe atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstan Nasyonal la (National Instant Criminal Background Check System, NICS) soti twa jou pou l vin 10 jou.

“Nan yon tan kote vyolans ak zam kontinye toumanje kominote atravè peyi a yo san relach pandan gouvènman federal la refize aji, New York pral trase chemen pou mete fen nan epidemik sa a yon fwa pou tout”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk lejislasyon sa a, nou ka koupe koneksyon enkontestab ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam mòtèl la, epi kontinye ajoute sou lwa sou itilizasyon zam ki pi solid nan nasyon an yo.”

“Manman m te pase vi l ap ede viktim vyolans domestik yo epi fanmi nou te kòmanse yon kay pou ede viktim sa yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou te wè pèsònèlman lakrent ki te kreye lè genyen yon zam nan kay yon agresè. Nouvo lwa jodi a se yon gran pa espektakilè vè lavan nan kad eliminasyon vilnerabilite fanm ak timoun sa yo. Pandan gouvènman federal la pa reyisi reponn a pwoblèm vyolans ak zam lan, nou kontinye lite pou nou retire zam nan men sila yo ki ka devaste kominote nou yo ak rezidan nou yo.”

### **Retire Tout Zam nan Men Agresè Domestik yo**

Anvan sa, lwa New York yo te etwatman entèdi moun yo te kondane swa pou yon krim oswa pou yon kantite enfraksyon deli minè “grav” limite, eksepte plizyè deli minè ki enkontestabman grav yo, pou yo posede zam afe. Pwojè-lwa sa a (S.8121

Phillips/A10272 O'Donnell), ke Gouvènè a te siyen nan seremoni jodi a, agrandi lis krim “grav” la ki mande pou agresè vyolans domestik la pèdi lisans zam li epi remèt tout zam afe li yo pou asire ke okenn agresè domestik nan New York gen kapasite pou yo posede yon zam afe yon fwa yon kondane yo pou yon krim boulvèsan.

Anplis de sa a, lejislasyon sa a pral anpeche tout moun y ap chache pou yon krim oswa lòt enfraksyon grav pou yo pa jwenn oswa renouvle yon lisans zam afe. Daprè ansyen lwa New York la, malgre yon moun gen yon manda arestasyon, li te toujou legalman elijib pou l jwenn lisans zam afe menm pandan lapolis ap chache lokalize l epi arete l. Chanjman sa a pral asire ke fòs lapolis ki aktivman ap chèche pou arete yon moun ke y ap chèche, ansanm ak pasan inosan yo, pa vin an danje initilman akòz moun sa y ap chèche a ki te ka jwenn nouvo zam.

### **Pwolonje Peryòd Datant lan**

Gouvènè Cuomo a te entwodwi lejislasyon pou tabli yon peryòd datant 10 jou pou moun yo pa te apwouve imedyatman pou yo achte yon zam afe atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstan Nasyonal la. Lwa federal ki an vigè a egzije vandè zam yo pou yo mennen verifikasyon antesedan NICS sou yon achtè potansyèl yo avan yo vann li yon zam afe, sa ki imedyatman ofri yon vandè youn nan twa notifikasyon posib. Notifikasyon sa yo gen ladan “avanse”, “refi”, oswa “retade”. Nan ka yon repons “retade”, vandè a dwe tann twa jou avan vant lan elijib pou l vanse, menm lè FBI ap kontinye envestige pase moun lan apre delè twa jou a. Souvan, avan yo ka detèmine ke achtè potansyèl la te, an fèt, inilijib, yo te deja vann moun sa a yon zam afe apre peryòd twa jou a fini. Pwolonjman peryòd datant dis jou a dwe pèmèt ase tan pou yo fin fè verifikasyon antesedan apwofondi a epi ajoute sou efò lejislatif pou asire ke sèlman sila ki elijib pou yo posede zam afe yo ki kapab posede yo.

**Lidè Demokratik Lachanm lan, Nancy Pelosi te deklare**, “Jodi a, New York kontinye lidèchip enspirasyonèl yo a lè yo abòde epidemik vyolans ak zam lan atravè lejislasyon yo pwomilge a ki rekonèt koneksyon mòtèl ki genyen ant abi patnè entim yo ak trajedi vyolans ak zam lan. Poutan, pandan New York ap dirije, Repibliken nan Kongrè yo refize aji. Pandan vyolans ak zam ak abi domestik ap lakoz yon kantite tèrè ak chagren nan kominote toupatou atravè peyi a, sove lavi ak pwoteje fanmi yo pa ta dwe yon zafè patizan. Demokrat yo konnen gen yon chemen bipati vè lavan ki gen bon sans, epi nou pral kontinye pouse pou pwogrè nan kad pwoblèm enpòtan sa a”.

**Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare**, “Mwen fye pou m kanpe ak Gouvènè Cuomo pandan l ap siyen lejislasyon sa a pou retire tout zam nan men agresè domestik yo. Mezi sa yo pral elimine vid danjre ki nan lwa sou zam nou yo epi amelyore sekirite piblik. Pa gen okenn rezon pou yon moun ki te fè yon zak vyolans domestik dwe mentni posesyon yon zam afe. Piske Kongrè Repibliken an pa te reyisi abòde epidemik nasyonal vyolans ak zam lan, mwen felisite lidèchip Gouvènè Cuomo nan kad travay l ap fè pou pwomilge lejislasyon sou sekirite zam ki pral pwoteje Nouyòkè yo”.

**Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare**, “Nou konnen ke moun ki gen yon antesedan vyolans domestik yo senk fwa pi fasil touye yon patnè entim yo lè gen yon zam afe nan kay la. Pwojè-lwa sa a, ki pral retire zam nan men agresè domestik yo, fè

bon sans. Mwen te fyè pou m te kanpe ak Gouvènè Cuomo jodi a pandan l t ap siyen vin lwa pwojè-lwa enpòtan sa a ki pral sove lavi a”.

**Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare,** “Vyolans ak zam se yon flewo nan nasyon nou an ak vil nou an ki twò souvan detwi lavi. Etap yo te anonse jodi a yo pral ede retire zam afe nan men sila ki pa ta dwe janm gen aksè a yo. Nou dwe fè plis ankò epi Kongrè a dwe aji onivo federal. Toutfwa, efò sa a se yon bon kòmansman epi li montre New York ap trase chemen an pou takle pwoblèm orib sa a”.

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare,** “Vyolans domestik afekte tout kominote yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou anons li fè jodi a pou retire zam nan men agresè domestik yo epi elimine vid ki gen nan lwa eta a ki pral asire yo egzije agresè domestik yo remèt tout zam afe yo. Vyolans domestik gen efè sou tout kominote nou yo, epi jodi a nou ap kanpe ini ak viktim yo, sivivan yo ak fanmi ki soufri abi domestik yo pou nou di sètase. Mwen pwomèt m ap kontinye travay nan Kongrè a pou nou mete fen a abi ak vyolans domestik. Lejislasyon monimantal jodi a se yon etap istorik nan efò nou ap fè pou pwoteje viktim vyolans domestik yo epi ede kenbe moun ak kominote nou yo an sekirite”.

**Senatè Elaine Phillips te deklare,** “Viktim vyolans domestik yo senk fwa pi fasil pou yo touye yo lè agresè yo a posede yon zam afe. Mwen remèsye Gouvènè a paske l siyen lejislasyon mwen an pou l vin lwa, sa k ap egzije pou retire zam afe nan men moun yo kondane pou vyolans domestik yo. Lejislasyon bon sans sa a ap retire zam afe yo nan men sila yo kondane pou vyolans domestik yo, elimine eka ki gen nan lwa federal la, pwoteje fanm yo, gason ak timoun yo kont agresè yo epi li pral anpeche trajedi rive alavni”.

**Senatè Diane Savino te pale konsa,** “Lejislasyon sa a kontinye travay nou ap fè pou nou ranfòse lwa sou zam New York yo ki lidè nan nasyon an. Nou ap elimie vid ki te pèmèt moun yo kondane pou yon deli minè vyolans domestik yo pou yo kenbe zam afe yo, epi lè yo fè sa nou ap plis pwoteje viktim vyolans domestik toupatou atravè eta sa yo. Pèsòn pa ta dwe viv nan lakrent akòz agresè yo, epi gras a travay nou ap fè ak Gouvènè Cuomo sou lejislasyon sa a, nou ap ede asire ke yo pa bezwen viv nan lakrent ankò”.

**Manm Asanble Daniel O'Donnell te deklare,** “Antanke youn nan premye pwojè-lwa mwen te prezante nan 16 zan mwen genyen nan Asanble Eta New York la, mwen fyè pou m wè yo siyen vin lwa lejislasyon bon sans sa a k ap anpeche sila yo ki gen ensidan vyolans yo pou yo pa posede zam afe yo. Zam afe se fòs multiplikate ke prezans yo souvan rann ensidan vyolans domestik yo mòtèl. Mwen vrèman kwè sa se jis kòmansman, ap gen menm plis règleman sou zam afe y ap pwomilge nan lejislati a ankò epi pou Gouvènè Andrew Cuomo siyen vin lwa”.

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** “Rechèch di ke patnè domestik youn nan twa fanm na Etazini pral atake yo pandan dire lavi yo. Nan anpil nan ka sa yo, zam afe yo souvan jwe yon wòl. Pwojè-lwa sa a voye yon mesaj ki di Eta New York pa bay dwa pou moun gen zam plis valè pase sekirite piblik epi nou pap kanpe san n pa fè anyen. Mouvmman sa a pral non sèlman elimine vid nan lwa eta a yo, men tou l ap asire ke

nenpòt moun yo kondane pou vyolans domestik pral pèdi aksè a lisans zam yo ak zam afe yo”.

**Connie Neal, ki se Direktris Egzekitif nan Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York (New York State Coalition Against Domestic Violence), te deklare,** “Koneksyon ki genyen ant vyolans domestik ak vyolans ak zam lan pa ka pi klè ankò. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak manm Lejislati Eta New York la yo ki te vote pou pran yon pozisyon solid pou retire zam afe nan men akize vyolans domestik yo. Ljans pou aji a irefitab, epi kounye a New York te fè yon pa konsiderab vè lavan nan kad prevansyon omisid vyolans domestik yo. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, kounye a nou pral gen yon pwoteksyon solid ki anplas pou pwoteje anpil Nouyòkè”.

**Kris Brown, ki se KoPrezidan Kanpay Brady pou Anpeche Vyolans ak Zam lan (Brady Campaign to Prevent Gun Violence) te deklare,** “Kantite yo trè klè. Fanm yo abize yo senk fwa pi fasil pou yo touye yo si agresè yo posede yon zam afe, epi atak vyolans domestik ki te gen zam yo pi souvan lakoz lanmò. Lè li egzije agresè domestik yo pou yo remèt zam afe yo, Gouvènè Cuomo te elimine yon vid evidan nan lwa eta a. Mwen aplodi mezi Gouvènè a ap pran, pandan l ap defann lwa bon sans pou zam yo ki pral ede sove lavi moun vilnerab toupatou atravè eta nou an yo epi anpeche fanmi tire sou fanmi”.

**Amy Barasch, ki se Direktè Egzekitif Her Justice te deklare,** “Pandan nasyon nou an ap lite pou nou jwenn kijan pou nou konfwonte pwopagasyon vyolans ak zam lan, nou fyè pou nou travay ak viv nan yon eta ki gen yon lidè konsa alatèt pwoblèm sa a: Gouvènè Cuomo. Nan Her Justice, kote nou ofri asistans legal gratis pou anpil milye viktim vyolans domestik chak ane, nou konnen twò byen konbyen zam yo danjre nan kontèks abi nan kay. Nouvo lejislasyon sa a pral asire yo retire zam nan men plis agresè vyolans domestik yo. Mèsi Gouvènè Cuomo paske w ap fè nou vanse vè lavan”.

**Cicely Fields, ki se yon Sivivan Vyolans Domestik ak Zam te deklare,** “Antanke yon sivivan vyolans domestik, mwen se yon temwayaj vivan ki montre poukisa siyati pwojè-lwa sa jodi a enpòtan anpil konsa a. Mwen konnen pèsonèlman koneksyon ki genyen ant vyolans domestik ak vyolans ak zam lan enkonstestab, paske agresè mwen an te an mezi pou l posede zam afe ki te blese m nan pwen kote li te manke touye m. Blesi a te gendwa geri, men mwen toujou sibi domaj fizik pou rès lavi m epi kat pitit mwen yo, ki depann de sipò mwen yo, pral kontinye souffri akòz de aksyon agresè domestik sa a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l asire pwomilgasyon lwa sa a”.

**Joe Torre, ki se Prezidan Fondasyon Sekirite Lakay Joe Torre a (Joe Torre Safe At Home Foundation) te deklare,** “Viktim vyolans domestik yo senk fwa pi fasil pou yo touye yo si pwòch yo a posede yon zam. Jodi a, Eta New York la ap pran yon pozisyon solid lè nou retire zam nan men agresè yo - sa k ap sove anpil lavi”.

**June Rubin, Volontè Ko-Lidè pou Branch New York Moms Demand Action for Gun Sense in America te deklare,** “Jodi a, nou te pran yon lòt pa enpòtan anvè pwoteksyon Nouyòkè yo kont vyolans ak zam. Byenke se yon jounen siyifikatif, nou konnen lejislasyon sa a se jis youn nan plizyè pa nou bezwen pran pou anpeche zak vyolans ak zam alavni yo. Nou atann pou nou travay ak lejislatè yo ak Gouvènè Cuomo

sou etap pou nou pran alavni yo, tankou pwomilgasyon lejislasyon vital Ôdonans Pwoteksyon Risk Ekstrèm lan (Extreme Risk Protection Order)”.

**Rebecca Fischer, Direktè Egzekitif New Yorkers Against Gun Violence te deklare,** “Daprè ansyen lwa a, kote moun yo te kondane de yon deli minè pou vyolans domestik yo te kapab kenbe zam afe yo, yo te initilman mete lavi viktim yo asanm ak piblik la an jeneral arisk. Gras a Gouvènè Cuomo, lejislasyon sa a ap asire tout moun yo te kondane pou krim vyolans domestik yo sijè a menm estanda a, sa k ap garanti moun ki danjre sa yo pèdi lisans zam yo ak zam afe yo. Lejisasyon bon sans sa a te dwe fèt lontan deja, epi nou aplodi Gouvènè Cuomo paske l reyalize l”.

**Martha Kamber, ki se Direktè Egzekitif Jeneral YWCA Brooklyn lan ak manm YWCA Eta New York yo deklare,** “YWCA sipòte mezi anbisyè Gouvènè ap pran pou l pwoteje lavi sivivan vyolans patnè entim lan yo yon kont vyolans ak zam. Antanke youn nan pi gran rezo founisè sèvis vyolans domestik yo, YWCA konprann pèsonèlman konbyen lejislasyon sa a enpòtan pou sivivan nan Eta New York la yo epi, kòm patisipan nan yon rezo founisè sèvis YWCA onivo nasyonal k ap sèvi plis pase 2 milyon fanm ak timoun nan 46 eta a, nou felisite gouvènè a pou lidèchip li nan domèn sa a epi nou swete lejislasyon Eta New York la pral pwomouvwa lejislasyon kont vyolans ak zam ak sekirite zam atravè tout peyi a”.

Sou Gouvènè Cuomo, New York te pwomilge lwa sou kontwòl zam ki pi solid nan nasyon an yo epi avèk pwomilgasyon lejislasyon sa a, yo ap plis ranfòse lwa sou zam New York la yo pou asire ke yo ka elimine lyen yo byen konnen ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam mòtèl la. Nan nèf pami 10 masak an mas ki touye plis moun nan istwa Etazini yo, ki gen ladan masak ki te fèt Las Vegas ak Sutherland Springs yo, moun ki t ap tire a gen dosye yo te komèt vyolans kont fanm, fè menas vyolans kont fanm, oswa asèlman, oswa denigre fanm yo. Anplis de sa a, lè nou pèmèt patnè vyolan yo gen aksè a zam a fe yo, risk pou yo touye lòt patnè ogmante senk fwa plis. An 2016, yo te itilize zam a fe nan 35 omisid domestik nan New York.

Anplis de amelyorasyon pwogresiv yo kontinye ap fè nan lejislasyon sou zam New York la, Gouvènè Cuomo te dirije kreyasyon kowalisyon “Eta pou Sekirite Zam yo” (States for Gun Safety) an Fevriye ane sa a pou konbat epidemik vyolans ak zam lan an prezans inaksyon gouvènman federal la kontinye montre a. Ansanm ak New Jersey, Connecticut, ak Rhode Island, Eta New York te rantre nan yon akò pou mennen ankèt epi entèsepte zam ki ilegal yo, pataje enfòmasyon yo pi byen sou moun ki gen entèdiksyon pou yo achte oswa posede zam yo, epi kreye premye konsòsyòm rechèch sou vyolans ak zam rejyonal nan nasyon an. Massachusetts, Delaware, ak Puerto Rico te rejwenn kowalisyon an tou, ki kounye a reprezante plis pase 35 milyon Ameriken.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)